

RINGKESAN

Panalungtik miboga tujuan pikeun mikanyaho ngaronjatna kamampuh siswa dina ngaregepkeun ku cara maham jeung empati (kabiiasaan mikir) dina konsép *pencemaran* lingkungan di kelas X IPA SMA IT Fitrah Insani. Hipotésis anu diajukeun nya éta “Ngaronjatna Kamampuh Ngaregepkeun ku cara maham jeung empati (kabiiasaan mikir) dina konsép *Pencemaran* Lingkungan”. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pra-ékspérimén *one group pre-test post test design*. Anapon hasil tina ieu panalungtikan nya éta: Peunteun dina ranah kognitif ngaronjat sacara signifikan, ieu hal bisa katitén tina hasil uji normalitas *pretest* 0,044 jeung *posttest* 0,092 antukna katitén aya hasil anu signifikan. Peunteun dina ranah aféktif meunangkeun jumlah peunten rata-rata 82 jeung dina ranah psikomotor meunangkeun skor rata-rata 77,50. Dumasar katerangan di luhur pangaruh modél *problem based learning* (PBL) pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun ku cara maham jeung empati (kabiiasaan mikir) dina konsép *Pencemaran* Lingkungan katitén ngaronjat sacara signifikan.

Kata kunci: *problem based learning* (PBL), kamampuh ngaregepkeun ku cara maham jeung empati, *Pencemaran* Lingkungan